



KOMINIKE POU LAPRES

Aktris : Alexandra Saintil, Pòt Pawòl Electron Motion/SkDK.SA

Dat : 25 jen 2026

SKDK-SA / Electron Motion (Pwojè kouran Karis la) voye bèl salitasyon pou tout zanmi jounalis ki prezan jodi a nan kad premye pwen laprès sa a nan komin Karis. Li pwofite bat gwo bravo pou travay medya yo ap fè pou penmèt chak grenn sitwayen ak sitwayèn rive jwenn enfòmasyon ki verifye.

Yo rele m Alexandra Saintil mwen se pòt pawòl pwojè kouran karis la. Se mwen ki ap mennen ti pale sa ak laprès jodi a pou anonse nou yon gwo nouvèl jodi 25 jen 2026 la.

Se ak anpil fyète ak kè kontan n ap fè popilasyon Karis la konnen yo ka koumanse pase enskri pou yo konekte sou rezo kouran an, pou yo ka gen kouran lakay yo. Yo ka pase nan biwo Electron Motion an ki nan komin karis anba bouk, nan estasyon an, anfas kay Mèt Isra.

Pou yon senp kay, se 3 mil goud enskripsyon. Pou gwo biznis oswa gwo enstitisyon ki gen gwo aparèy se 10 500 goud. Lajan enskripsyon sa a, ki se an reyalite yon dwa koneksyon ap sèvi pou tekniksyen verifye enstalasyon elektrik kay oswa biznis la, enstale kontè.

Depi w fin gen dwa koneksyon w ap ka chwazi ki plan kouran ou vle, selon ki kantite kouran ou vle konsome. Sonje, se yon sistèm peye alavans li ye. Menm jan nou konn mete minit sou telefòn nou yo.

Pa ezite pase nan biwo nou pou jwenn plis enfòmasyon ak espikasyon epi suiv nou sou tout rezososal yo pou ka konnen plis. W ap jwenn nou sou facebook, tiktok, Twitè (X), Instagram.

Kouran Karis la se pou nou tout. Se pou kominote a. Nou menm sitwayen lè nou fin gen kouran lakay nou, pa fè gaspiyaj. Pa kite anpoul limen lè nou pa bezwen yo. Dekonekte aparèy nou p ap itilize yo. Jere kouran nou byen, pou Karis ka toujou rete tou limen.

SKDK-SA ak Electron Motion vle pran yon moman nan lapawoli sa a pou remèsye tout moun ki te pote kole yon fason oswa yon lòt pou pwojè kouran sa a te ka atèri nan komin Karis. Nou salye kouraj tout sila yo ki kontinye ap fè pawòl kouran, motè devlopman karis la kontinye fè chimen l tout kote.

Ekip kominikasyon an